ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№116 (22.524) • 2013 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 21, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ •

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТымрэ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОKI

ПщIэшхуэ зиIэ IэщIагъэ

• ЗэIущIэхэр

КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен иджыблагъэ яIущIащ республикэм узышагъэр хьумэнымкIэ и Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм. ЗэIущIэм хэтащ республикэм и Правительствэм и Унафэщ Хьэсанэ Руслан, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ и Администрацэм и Унафэщым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Къуэрокъуэ Залым, узышагъэр хьумэнымрэ курортхэмкIэ министр Шэт Ирмэ сымэ.

ЗэIУЩIЭР кьыдэуихри, республикэ Iэтащхьэр кьыдэхуэсахэм екъуэхъуащ и махуэшхуэ блэкIамкIэ. «Дохутыр Iэщlагъэм хуэдэу пщIэшхуэ зыхуэфащэ щыIэкъым, - жиIащ Къанокъуэ Арсен. - А Iэщlагъэм пэрытхэрэ цыхум нэхъ лъапIэ дыдэу иIэ узышагъэр дзыхь зыхуащIыр. Сыныбжьхуэхьу фызиIупльыр узышагъэм фэ езыр фыщымыщIэу екъуIэныгъэ, зэIуэзэпещIэу фиIэу фи гъащIэр ефхьэкIыну».

АдэкIэ Къанокъуэ Арсен зэIущIэм кьрихьэлIэхэм ягу кьиГъэкIыжащ иджыблагъэ екIуэкIа «КъБР-м и Iэтащхьэм еупщI» программэм и зи чэзу кьыдэкIыгъэуэ узышагъэр хьумэнымкIэ Iэнатlэр къэгъэщIэрэщIэжьынымкIэ программэр гъэзэщIа зэрыхьум, абы щекIуэкI зыужьынигъэхэр зыхуэдэм теухуауэ зэрыщытар. ИрагъэкIуэкIа социальнэ щIэупщIэныгъэхэм кьаракIуэхэм тепщIыхьмэ, ди цIыхухэм я проект 85-м кьалытэ медицинэ дзэпыкъуныгъэхэр егъэфIэкIуэныр республикэ унафэщIэхэм кьапэщIыть кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зыуэ.

Къанокъуэ Арсен кIэщу кьытеувыIащ нобэ уэзышагъэр хьумэнымкIэ Iэнатlэм щызыIэрагъэхьа екъуIэныгъэхэм, адэкIэ зэман гъунэгъум кьапэщылъ кьалэнхэмрэ я мурадхэмрэ зыхуэдэм.

- Мы Iэнатlэр гулыIэ нэхъыбэ зыхуэхущIын хуейкъэ ящыщ, - жиIащ **Къанокъуэ Арсен.** - Ар егъэфIэкIуэным хуэунэтIа программэ щхьэхуэхэр зэхэлъхьауэ щыIэщ. КъищынэмыщIауэ, 2020 гъэм нэсыху узышагъэр хьумэнымкIэ Iэнатlэм зэрызэнаужьыкIэ Iэнатlэм зэрызэнаужьыныгъэ кьэрал программэм и проектыр хьэзырыщ. Ахэр тэмэму гъэзэщIа хьумэ, республикэм узышагъэр хьумэн и Iэнатlэм зытхуеГъэужьыныщ. Республикэ бюджетым кьыхэкIа мылькукIэ медицинэ Iуэхущlапlэу 26-м зэгъэпэщIыжынымкIэ лэжьыгъэхэр щекIуэкIащ, иджырей IэмэпсымэщlэхэмкIэ нэсу кьызэрагъэпэщащ. Нобэ республикэм щIэуэ кьэрагъэжьауэ медицинэ Iуэхущlапlэу 18 щащхуэ. Республикэ клиникэ сымаджэщым хэту мыгувэу кьызэIуахьнущ Лъынтхуэхэм щеIэзэ центр, абы и кьудамэ зыщIэнущ Прохладнэ кьалэмэ. Лэскэн районым хьихьэ Анзорей кьуажэм дащIыхь сымаджэщри и кIэм нагъэблагъащ. Лъыхъ узым щеIэзэ, Перинатальнэ центрэр яухэнэщ иджырей мардэхэм тегуи ийи ахэр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуэныкъуэну IэмэпсымэхэмкIэ нэсу кьызэрагъэпэщауэ щытынущ. Ди гугъэщ зэман гъунэгъуэм диализ центрэр республикэм и районитIым кьыщыIэ зэIутхыну. Абыхэм екIуэлIэ сымаджэхэм дежкIэ кьалащхьэм нэс кьыдэкIуеинкIэ зэрымытыншыр псоми кьыдгуроIуэ, абы кьыхэкIыу а Iуэхум пыщIа гугъуехьыр нэхъ псынщIэу зэращхьэщытхьаным дихуущIэкъутхьэщ.

Республикэ унафэщIыр кьытеувыIащ «Къуажэ дохутыр» программэр зэрыларжьэм, абы ипкъ иткIэ Iэнатlэ зэрыуВа Iэщlагъэлъ ныбжьыщIэхэр Iуэхущlапlэ министрым и деж щыщIэуупщIащ.

- А программэмкIэ ныбжьыщIи 136-рэ Iэнатlэкlэ кьызэгъэпэщауэ хьауэ, - жиIащ **Шэт Ирмэ.** - Iуэхум трагъэгушхуэу, псэупIэкIэ кьызэрагъэпэщын папщIэ абыхэм ирата ахьыр нэхъыбэм кьагъэсэбэнащ. Нэхъыщхьэраща, а Iуэхум и фыригъэкIэ я Iуэхуэ щIэныгъэ. Ар ятыкъ кьыдэхэми фыкьыщIэхуэ щIэныгъэ. Фи кIэ щIэтхэм я деж щапхъэу фыщыщIытын хуейщ.

ЩХЬэщэмыщI Иэз.



УФ-м и лъэщагъыр кьигъэтIэсхьэнукъым

США-м и президент Обамэ Барак жэрдэм кьыхилъхьащ Америкэм и Штат Зэгуэхэмрэ Урысей Федерацэмрэ ядэрэ Iащхьэ яIэр Iыхьэ щанэкIэ ягъэмощIэну.

Апхуэдэу абы щыжиIащ Берлин кьыщыщIыпсалъэу. Обамэ кьыхигъэщащ а Iуэхум теухуауэ Урысейм эпсалъэныгъэхэр дригъэжьхуну зэрыхъэныр.

«Дэ ди къэралхэм дазэрыхуэупсфыну тыгъэ нэхъ лъапIэ дыдэр мамырыгъэмрэ захуагъэмрэ дыхущIэкъуныр», - кьыхигъэщащ США-м и унафэщIым. НАТО-м кьыдыхуэ къэралхэми ядерэ индустриер мамыр мурадхэм кьыхуэгъэзсэбэныным, абы унэтIыныгъэщIэ етыным теухуауэ зэрадзлэжьэнури жиIащ Обамэ.

А къэпсалъэныгъэр, дауи, жэуапышIу кьыгъэнакъым жэрдэмыр зыхуэгъэзэ УФ-м и Президент Путин Владимир. Къэрал зыхьумэжыныгъэм теухуа зэIущIэ щригъэкIуэкIкIы абы жиIащ адэрэ Iэщlэхэр гъэмащIэн зэрыхуейм арэзы зэрытехьуэр, апхуэдэу щыгъэм, ар щIэ поми апхуэдэ лъэбакъуэ ячыпхъэу зэрыщытри кьыхигъэщащ. КьымыджкIэ, Урысей Федерацэм и мэIуэур апхуэдэ щыIэкъым кьыззэримыгъэтIэсхьэнури ягурагъэIуащ.

«Дэ кьэдгъэкIуэ хьунукъым ди къэралым и лъэщагъэм кIэрыхуэныр, абы кьыхэкIыуи дзэ-хьэрщ зыхъумэжныныгъэм и лъабжьэ быдэ зэгъэпэщыныр а Iэнатlэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэу кьэнэжьнущ», - жиIащ Путиным.

Уэлбанэ кIыхьым и зэран

Дуней кьэхъуакIащIэхэм щыхуэзэ псом хуэмыдэу гугъу ирагъэхь гъатхэмрэ гъэмахуэмрэ. Ар нэхьыбэу кьызыжьыр уэлбанэщхуэхэщ.

Индием и ищхьэрэ щыIалъэм щыпсэу щIыхуэ куэд дыдэ иджыпсту щытыкIэ гугъу итщ махуэ зыбжанэ хьуауэ абы егъэлеяуэ уэшхыщхуэ кьызэрыщещыхьм кьыхьэIыу. Псыхэр я нэпкъэм кьыщыхэдгъэуэжащ, абы унищхэр, гъэгъуэр зэтрикъутащ, кьаруущхуэ зиIэ ятIэпсым лъэмыжхэр гриташ. А щIыпIэхэм ялъэIэсыфырыкъым кьагъэлажIуэхэри. Iуэхум кьыхьхьащ дзэри - кьыхьлъатэхэр, вертолетхэр кьагъэсебэпуэ щIыхуэхэм Iэрагъэпхъэ щIыхуэхэм Iуэрагъэхьэ ерыскъыпэ щыгъэнри хуэдэхэр, хущхьхуэхэр.

Зэкlэ кьызэратамкIэ, псыдзэм хэкIуэда щIыхуи 180-м щIигъу, мин 70-м щIигъуи я хьыбар ящIэркъым, штатищым псым «гъэр щищIащ» щIыху мини 130-м щIигъу.

Синоптикхэм зэрыжаIэмкIэ, уэшхыщхуэр иджыри мазэ зыбжанэкIэ щыIэнущ икIи щытыкIэр абы нэхъ тынш зэримыщIынур къэрал унафэщIхэми щIыху кьызэрыгуэкIэми кьагуроIуэ.

НОБЭ

♦Гидрографием и дунейпсо махуэщ. Гидрографиер хьхэм, тенджызхэм, псыхэм я инагъыр къэзыкуэ, я щытыкIэм кIэлъыплъ щIэныгъэщ.

♦Щэрхь зыщIэт пхъэбгъу кIапIэмкIэ (скейтборд) къэзыжьхьхэм я дунейпсо махуэщ.

♦Урысейм и МВД-м хьэ гъэсахэр кьищагъэсэбэн и Iэнатlэм и махуэщ

♦Илъэсым махуэр щыгъэкI кIыхь, жэщыр щынэхъ кIэщI дыдэщ.

♦1925 гъэм Москва и уэрамхэм ятэ таксихэр кьыдыхьащ.

♦Хьэпакъ щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, РАЕН-м и член-корреспондент **Кьуий Iэмырбий** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокIу.

♦УсакIуэ, публицист, «Iуащхьмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Мыкъуэжь Анатолэ** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокIу.

♦Москва кьалэм и Iэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Собянин Сергей** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 22-рэ, жэщым градус 15 - 17 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар ЖЬЭКIЭМЫКЪУ Мариэщ.

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Фигу къыдогъэкIыж 2013 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр зэрекIуэкIыр.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 403-рэ кIэлъейкIэ 32-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущlапlэ псоми.

Ди индексыр 51531

• Бжьыгъэхэр

Бюджет Iэнатlэм лэжьапщIэм щыхагъахъуэ

2013 гъэм и яп мазиплIым КъБР-м ику иту щат лэжьапщIэр 16950-м нэсащ. Нэгъабэ и апхуэдэ зэманым еты тауэ ар процент 13,6-кIэ нэхъыбэщ. ЩэхуакIуэ уасэхэм зэрыхэхъуар кьэпльытэмэ, щыхуэхъуэ щыIэ зэрызэрыджIамкIэ, нэхъ псынщIэу лэжьапщIэр бюджетым и Iэнатlэм щыхэхъуащ: егъэджэныгъэм ар процент 30,7-кIэ нэхьыбэ щыхъуащ икIи сом 14435-м щынэсащ. ЕгъэджакIуэхэм кьалэжьыр иджы ику иту республикэм щат улахуэм щIегъу (сом 19500-рэ).

Узышагъэр хьумэным и лэжьакIуэхэм я улахуэри процент 28-кIэ хэхъуащ икIи а лъэхъэнэм ику иту сом 12241-м (республикэм щат курыт лэжьапщIэм и процент 72-м) нэсащ. Нэхъ зэпкьрыхъауэ жыпIэмэ, дохутырхэм процент 33,3-кIэ, курыт медицинэ лэжьакIуэхэм процент 27,8-кIэ, медицинэ лэжьакIуэ нэхъыщIэхэм процент 29,4-кIэ нэхъыбэ кьаIэрыхьэ хъуащ.

А псори щыхьэт тохъуэ «Социальнэ политикэр пхыгъэкIыныныкIэ Iуэжьыгъэхэм я Iуэхущ» Урысей Федерацэм и Президентым кьыдигъэкIауэ щыта Указыр ди республикэм екъуIэныгъэкIэ зэрыщагъэзащIэм.

КЪЭРЭШЕЙ Элеонорэ.

• Хэгъуэ

Горох бэв кърахьэлIэ

Горох зыгъэгъуэтыжащ

Горох ирагъэхь

Горох ящIэрыгъэ

Горох ящIэрыгъэ

**Горох ящIэрыгъэ

● КъБР-м и Парламентым

Жылагъуэ Іуэхухэм топсэлъыхь



Чеченов Ануар

КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Чеченов Ануар иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ законэр кІыдзэзыгъэкІ органым и Іэтащхьэм и деж щыІэ Жылагъуэ советым и зи чэзу зэІуищІэр. Абы щытепсэ-гъыхьащ жылагъуэ Іуэхущіапіэхэм зэрызаужьымрэ абыхэм ди къэралым щаІэ мыхьэнэмрэ.

- ЗЭКІЭ иджыри укъуэдиІуэ жыпІэ хъунукъым къурал властым и органхэр, щыпІэ унафэр зезыгъакІуэ Іэнатіэхэр, жылагъуэ зэгугъхьэныгъэхэр нэгъэсауэ тэмэму зэдзлажьэу. Жылагъуэ зэрыпсэу демократие хабзэхэм къагъэувхъэм къыкІэроху социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхъухэм тепсэтыхьыныным и лъэныкъуэкІэ жылагъуэ зэгугъэныгъэхэм яІэ мыхьэнэр. Властым и къудамэхэм, хэхауэ къыщІэтэ, хабзэхъуэмэ органхэм я лэжьакІэм кІэлъыплъыныным тещыхьэ лэжьыгъэм иджыри нэсу знужьакъым, - зэІущІэм и пэщІэдзэм жиІащ Чеченов Ануар.

Зэ1ущІэм доклад нэхъыщхьэ щищІащ КъБР-м щыхубз хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм кІэ, жылагъуэ, дин зэгугъхьэныгъэхэмкІэ и министрым и къуэдзэ Гергоков Джамбулат. Зытепсэлъыхь Іуэхухэм ящыщу абы кІыхигъэщхьэхуКІащ фейдэ къэлэжьыным пымыщІа организацэхэр жыджэру я къалэнхэм зэрыбгъэдэмытыр, абыхэм ядэлэжьэфын Іэщіагъэлізэр муниципальнэ щІынагъэхэм ирикъуу зэрыщымыІэр, апхуэдэу социальнэ унэтІныныгъэ зиІэ организацэхэм ядэІэпыкъунымкІэ муниципальнэ программэхэр къызэрамыщтар. Доклад зышІыжьащ къыхитлъхащ социальнэ Іуэхухэр дзгъэкІыным елэжь организацэхэм зэман кІыхькІэ къагъэсэбэп хъун мылъкуу республикэм бгъэдэтхэм я спискэ зэхатлъхьэну.

Иджыпсту жылагъуэ зэгугъхьэныгъэу республикэм щатахэм я бжыгъэр 820-рэ мэхъу. Абыхэм ящыщу министрствэр зыпыщІащ щэм нэблагъэу араущ. Гергоков Джамбулат жиІащ жылагъуэ зэгугъхьэныгъэхэм ятеухуа законодательствэр щабэІуэу кІыхьэрилытэр. Жылагъуэ зэгугъхьэныгъэхэм я нэхъыбэр тхьылъымпІэм зэритым фІэкІ лажьэркъым икІи гъэ къэс абыхэм кьат отчетым кьегъэльагъуэ зыри зэрыхэфІамытэкІыр. Мис апхуэдэ зэгугъхьэныгъэхэм нэхъ ткІийуэ ябгъэдыхьэпхъэу министрым и къуэрал властым и органхэр.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и деж щыІэ Жылагъуэ советым хэт Ёмуз Нинэ къыщыпсалъэм кІыхигъэщхьэхуКІащ къэралми республикэми щрагъэжьІуэкІ конкурсхэм хэт жылагъуэ зэгугъхьэныгъэхэр зэрымащІэр. Псалъэм папщІэ, сыт щыгъуи хуэдэу, 2012 гъэми зи проектэр пхъашэгъэкІа-хэр ветеран, щыхуэз, дин жылагъуэ зэгугъхьэныгъэхэр, адрей унафэхэм я проектхэм я экспертизэ егъэкІуэкІыныкІэ лъэкъыгъэм граждан жылагъуэ Іуэхущіапіэхэр къыхишэну.

Апхуэдэу КъБР-м Щыхубз хъыбарегъащІэ ІуэхущіапіэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгугъхьэныгъэхэмкІэ и министерствэм е чэнджэщащ республикэм, къралым я политикэ, экономикэ, социальнэ, жылагъуэ зыужьыныгъэм и лъэныкъуэкІэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхухэм тепсэлъыхьныр икІи абы папщІэ щІыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэр къагъэсэбэпныр хабзэу игъэувыну.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и чэнджэщэгъу Бэрсэдж Анатолий зэІущІэм хэтахэр щыгъуазэ ищІащ щыхуэм лэжьыгъэ и гъэныкъуэкІэ яІэ хуитныныгъэхэр КъБР-м къызэрыщыщІэгъэнэпэщым теухуауэ Жылагъуэ советым страхованэмкІэ фондым взносхэр езыгъэІуэхущіапіэхэр 5800-м нобгагъэ. Нэгъэущу жыпІэмэ, лэжьыгъэ пыухыкІа езыхьэкІ организацэхэм я процент 70-м нэблагъэм профсоюз организацэхэр къыщызрагъэпэщакъым икІи къызэрыгуэкІ лэжьакІуэхэм я хунтныныгъэхэр зыхъумэн зэгугъхьэныгъэхэр щыІэкъым. Абы кьыхэкІыу Амщокъуэ ФатІимэт парламентарэхэм лъэІуКІэ захуигъэзащ предприятэхэмрэ Іуэхущіапіэхэмрэ пэщІэдзэ профсоюз зэгугъхьэныгъэхэм щыІэзэгъэпэщыныкІэ сэбэп хъуну мардзхэр щыуБзыхуэ республикэ закон къащІэну.

«Захуагъэ здэщыІэ Урысей» партым и щІыналъэ къудамэм и советым и тхьымадэ Кебеков Владимир жиІащ жылагъуэ организацэхэм езыхэм яІэ мыхьэнэмрэ я хунтныныгъэхэмрэ я гъэсауэ щыщыІыгъуазэ уэзырихьэлІэр. Абы кьыхигъэщхьэхуКІащ жылагъуэ зэгугъхьэныгъэхэмрэ властымрэ я зэпыщІэныгъэр, зэпсэльэныгъэр тэмэму зэтемыдауэ Іуэхур ящкІэ зэрымыкІуэтэнур.

Хьэщхъуэжь Татьянэ къыхилъхьащ депутатхэм муниципальнэ районхэм щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэр граждан жылагъуэ Іуэхущіапіэхэм зегъэужьыным нэхъ хуауэнэтІыну. Абы папщІэ Іэмал куэд щыІэщ икІи абыхэм депутатхэри, кьулыкъущІэхэри, жылагъуэ зэгугъхьэныгъэхэм хэтхэри фІыуэ щыгъуазэщ.

Зэ1ущІэм кърихьэлІаХэр тепсэлъыхьащ фейдэ къызэжьыным пымыщІа зэгугъхьэныгъэхэм я Іуэху зыгуфІыцІыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм я пщІэр йохуэх, абы щыхуэхэри егъэбампІэ.

Зэ1ущІэм хэтахэм кІэухуэ къащта тхыгъэм ипкъ иткІэ, Правительствэм чэнджэщ иратащ граждан жылагъуэ Іуэхущіапіэхэм зегъэужьыным гулъытэ нэхъыбэ хуищІыну, республикэм и экономикэ, жылагъуэ-политикэ зыужьыныгъэм пыщІа къалэн нэхъыщхьэхэр гъэзэщІэным и лъэныкъуэкІэ апхуэдэ зэгугъхьэныгъэхэм я зэфІэкІыр нэхъ зыубгъуауэ кьигъэссЕзэпэныну, жылагъуэ кІэлъыплъныныгъэм зриГъэужьыну, хабзэ мардзхэм, адрей унафэхэм я проектхэм я экспертизэ егъэкІуэкІныныкІэ лъэкъыгъэм граждан жылагъуэ Іуэхущіапіэхэр къыхишэну.

Апхуэдэу КъБР-м Щыхубз хъыбарегъащІэ ІуэхущіапіэхэмкІэ, жылагъуэ, дин зэгугъхьэныгъэхэмкІэ и министерствэм е чэнджэщащ республикэм, къралым я политикэ, экономикэ, социальнэ, жылагъуэ зыужьыныгъэм и лъэныкъуэкІэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхухэм тепсэлъыхьныр икІи абы папщІэ щІыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэр къагъэсэбэпныр хабзэу игъэувыну.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и чэнджэщэгъу Бэрсэдж Анатолий зэІущІэм хэтахэр щыгъуазэ ищІащ щыхуэм лэжьыгъэ и гъэныкъуэкІэ яІэ хуитныныгъэхэр КъБР-м къызэрыщыщІэгъэнэпэщым теухуауэ Жылагъуэ советым щыщІауэ щыта унафэр зэрагъэзащІэм. Абы и лъэныкъуэкІэ къэхъуа мыхьэмыщІагъэхэр гъэзэкІуэжьныкъуэ зэфІагъэкІэм теухуа жэуапэхэр КъБР-м и прокуратурэм, КъБР-м Лъжьыгъэмкіэ къэрал инспекцэм, КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ и министерствэм кьабгъэдэкІыу кьаІэрыкъэжащ.

Бэрсэдж Анатолий зэжьиІамКІэ, зэкІэльыпмкІуагъэ нэхъ инхэм ящыщщ лэжьапщІэр и зэманым щамыт кьызэрыхъэр. КьащІэтэмэ, КъБР-м Къэрал статистикэмкІэ и комитетым кьызэриТамкІэ, 2012 гъэм дыгъэгъаэм и 1 щыхуэу сом мелуан 49-м щІигъу зэтрихьауэ щыІащ. Зы мазэм кърибыдзу ар сом мелуан 20-м нэсу ягъэмэщІэн ІуэхуэфІэкІащ, ауэ мы Іуэхум дяпэкІэ зэпымыуэ я кІэ ягъэзытныщ.

УРЫСМАМБЭТ Бэлэ, *КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущіапіэм и лэжьакІуэ.*

● Ди жылагъуэхэм

Зы лІыр джэдыгуибгъурэ лІибгъур джэдыгуншэу щыт хъунукъым

***КъБР-м и Правительствэм и зэІущІэхэм социальнэ и лъэныкъуэкІэ ди жылагъуэхэм я щытыкІэм щІэмычэу щытепсэльыхь. Республикэм и унафэщІэхэм кьуажэдэсхэм я псэукІэр зрагъэлъагъу. Дауи, ди жылэхэр зыкуей-зыкуэфІэжмкІэ эхуэдэу кьызэгъэпэщакъым. Налшык къалэм кьедзаахэр е район центрхэм пэгъунэгъуэр нэхъ зыхуей хуоз. Іхьидзаахэр-щэ? Дауэ хьурэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъунапкъэм щыхсэм я Іуэхур? Цыхуэ кьызэрыгуэкІхэр сыт нэхъыбэу зыгъэпІейтейр? Аэр зэдгъэщІэн папщІэ, Тэрч районым хьлъэ Исльэмей кьуажэм иджыблагъэ дыщыщащ икІи щІыпІэ администрацэм и унафэщІ Лыкъуэжь Владислав зыкуэдгъэзащ.*

- Владислав, фи къуажэр районым и жылэ нэхъ инхэм, нэхъыжьхъэм ящыщу си гугъэжьым.

- Ислъэмейр кьыщызэрагъэпэщар 1815 гъэрщ. И инагъ и цыкІуагъым утепсэлъыхьэ, унагъуэ 340-м щІигъу дэсщ, щыхуу 1650-рэ щопсэу. Абыхэм ящыщу 800-р Іэнатіэ Іутщ, нэхъ щыкІуми, школакІуэми сабий 320-м щІигъу диІэщ, 350-р пенсэм щысщ.

- Фи щыхуэхэр нэхъыбэу сыт зыхэпсэуэкІыр?

- Ялэ дыдэу щІым къытрахыращ. И1ла-нэ, мащІэ-куэдми, Іэщым, джэдыкъэзым кьыпах хьерырщ. Жылэм гъавэ щапІэу гектар 2800-м щІигъу диІэщ. Фермеру унагъуэ 12 кьуажэм дэсщи, гектар 200 зэрахьэ. КІэщІу жыпІэмэ, а щІы Іыхьэм щыху 60 егъашхэ. Кьимыдэкіэ унагъуи 164-м гектаритІым кьыщыщІэдзауэ 100-м щІигъу зиІэ яхэту, щыр бдджэнду яІыгъщ. Къуажэм хуабжьу сэбэпыщхуэ кьытхуохъу щы нэхъыбэ зиІэхэр - езыхэр щІалэу, ильэс 35-40-м фІымыкІауэ апхуэдэхэщ. Я цІэ кьыхэзгъэщыну сыхуейт Хьэрэдуэр Чэрим, Цырхъуо Сэрэбий, Умар Асльэнбэч, ТІымьжь Асльэн, Пыжьынэ Анзор сымэ. Джэд Іускіэ, мэкъумылэкІэ нэхъ хуэмышІащэм ахэр хуабжьу ядоІэпыкъу.

КьищІынэмыщІауэ, былым зыгъэшэну нужь ихьэхэм щІэтэкъуэнышхуэ кьахуохъу «Мэкъумэш банкыр». Езыхэм я хьэрычэтми, дэ дахуэлъаІуэми, нэгъабэрэ мы гъэм щыщу блэкІа зэманымрэ кьапщтэмэ, ди кьуажэм кьыдыхьащ сом мелуанибгъу.

- ЩІым теухуауэ язынікъуэ кьуажэхэм кьаугъэ кьыщІэт, ар нобэ зэрыгуэшамкІэ мыарэзыуэ. Фи жылэм апхуэдэ псальэмакъ дэлъкъ??

- А упщІэр кьыщыдзэптпыным сыхуэпІащІэу сыпэпльэрт. Ди кьуажэми кьыщащэт апхуэдэ псальэмакъ. Ауэ унагъуэ ящэс щІыр зэхуэдэу ятедгуэшэну апхуэдэ унафи закони щыІэкъым. Нэхъапэхэм щы хуэмеями, иджы цІыху зыкъомым зэрыдэм ящащ бэджэнду ваПэ тІахыну: я щхьэ зэрапІыкъыи, я сабийр мылъку нэхъ зиІэхэм яйм емыхьэупсэу яхуэпэну, ирагъэджэну хуеІуэ. Зы лІыр джэдыгуибгъурэ лІибгъур джэдыгуншэу кьеІэгъыркъым. Ауэ мис мы гъэм ехуэ щы зыІыгъхэм етщІылІа зэгурыІуэныгъэри, сигугъэщ кьаугъэ кьыхэмыкІыу я Іуэхум унафэ тэмэм тетщІыхьыкфыну.

- Владислав, ди республикэм и Іэтащхьэр Дзэлыкъуэ щІынальэм щыщІэм щыгъуэ жиІэуэ щытащ «Къуажэдэсхэр псы зэфэнкІэ кьытхуэзэмыгъэпэщмэ, абы щыстхьэ и пІащІэр иреудых». Абы и Іуэхукіэ сыт жыпІэн?

- Нобэ абы нэхъ Іуэхушхуэ ди жылэм дэлъкъым. МакуитІ кьэс ещанэм псы зэфэн еттыфу аращ цыхуэхэм. Арп тхуэзэфІэкІыу щытакъым. Абыкіэ фІыщІэ ин хуэсщІыну сыхуейщ районым и нэхъыжь Пэнагуэ Максим. Ар ди республикэм и унафэщым хуээзэу ди Іуэхур зэрыхэпльэгъэуэ жриІэурэ, «Курп псы зекІуаПІэхэр» зэгъэпэщыжьыным сом мелуани 140-рэ хальхьауэ щыгащ. Абы и ужькІэ пэрыхьэту диІащ. А льэхъэжьмэ тоу уасэкІи хуабжьу зыкъытщІагъэкъуащ. Ауэ илъэситІ хьуауэ дотащ щІэжькъым, токыр коммерцэ уасэкІэ кьэтщэхун хуей мэхъу икІи дыпІэльэщІэкъым.

Сыту жыпІэмэ, Астемырей нэс километр 12-кІэ кьыдош. Абы мылъкушхуэ еХь. Псыр нэхъ зэпымыІууэ диІэн папщІэ, Тхьэр арэзы кьаухъхьу, зэ3эмыІэ, зэрахуэзэфІэкІым ельытауэ, зыкьытщІагъэкьуэ нетІэ зи щІэ кьисІуа, щІы нэхъыбэ зыІыгъ щІалэхэм. Ауэ ди Іуэхур зэтес хьун щхьэкІэ, нэгъуэщІ хэкІыпІэ гуэрхэр кьэзмыгъуэту хъунукъым. Апхуэдэ зы Іэмалу кьызолъытэ унагъуи 180-м я кранкэм псыуэ ягъэкІуэщІ кьызэрабж Іэмэпсымэ зэрыгтрагъэувар. Абы и фІыгъэкІэ, псыр нэхъ зэгъэзэгъауэ кьэлъэсбэпэа хъунуц. Куэд щІакьым и министрхэр щыгъуэу КъБР - м и Правительствэм и Іэтащхьэ Хьэсанэ Руслан ди жылэм зэрыщыІэрэ. Іуэхур зытетыр хуэтІуэтати, кьыддэІэпыкъуну дыкьитгъэгугъащ.

- Къуажэр зыхуей хуэзэу псэун щхьэкІэ, куэд зэфІэхъыпхъащ. Адрей псоми я гугъу сщІынкъым, ауэ Щэнхабзэм и унэ, амбулаторэ хуэдэхэр ямыІэмэ, щыхуэхэр гугъу ехьынущ.

- Абыхэмкіэ ди Іуэхур хъарзынэу зэфІэувэжащ. Щэнхабзэм и унэр щащІауэ щытар 1957 гъэщ. Абы колхоз правленэр, бухгалтер, экономист хуэдэхэр, кІэщІу жыпІэмэ, хозяйствэм и Іуэхур зезыгъакІуэхэр щІэсащ зы кьат яІыгъыу. Колхозыр лъэпльэжа неужь, фейцей хьуащ. Ауэ щэнхабзэ унэхэр кьэгъэщІэрэщІэжьыным теухуауэ Кьанокъуэм кьыхилъхьауэ щытэ жэрдэмым ипкъ иткІэ, ильэс зыщыплІ и пэкІэ сом мелуанрэ мин щитхуэр кьыдатати, щІалэ гуэрхэр щІэгъэжьуэн кьэтщІми, етхьэлІэнуэгъэр нэхъ пуду кьэдгъуэтми, евроремонт тщІащ. Иджы сытым хуэдэу зэпэщ хьужа щэнхабзэм и унэр! Уеблэмэ, и котельнэри щхьэхуащ. Щэнхабзэмкіэ унэм зыщагъаСэ самодеятельностым хэт гуп зыбжанэм, кьуажэ библиотекэри абы щІэсщ. Амбулаторэри зыхуей хуэзэу зэдгъэпэщыжащ. Дохутырхэмкіэ дыІэзэурокъу, Іэмэпсымэ зыхарзынэхэри яІэщ.

- Мы зэман гъэмэхуэм ущыгугфІыд хьуну сыт хуэдэ Іуэху фызыпэпльэр?

- Кьуажэдэс Іэнатіэншэхэм, лэжьэну хуейхэм зэщІэгъэкъуэным теухуауэ республикэм программэ щыІэщ. Ар Мэзкуу щыпхыкІыну дыщогугъ. Абы ипкъ иткІэ, ди районым ис цІыху 500-м щхьэж хуэзэу кьратын хуейщ сом мин 250-рэ и уасэ пкъыгъэу, теплицэ ящу хадэжэкІым елэжькын папщІэ. Ди жылэм щыщу абы хэхуэну дыщогугъ цІыху 40 - нэхъ хуэмыщІауэ, Іэнатіэншэу. Ар хуабжьу ди нэкъкІыу дыІэжькъэ Іуэхугъуэщ. Ауэ псом хуэмыдэу дыщогугфІыкІ сабий 75-рэ зэкІуэлэну гъэсапІэ ди жылэм зэрыщащхуэнум. Абы 1-4-нэ классым нэс щрагъэджэнущ.

- Владислав, жылэ щыхьэкІэ, щэч хэмылъу, узытепсэльыхьын куэд щыбгъуэтынущ. Ауэ мы зымкІэ сынопущыжжэ сфІэжьабылщ. Дэ псори дызыщІэхьэупсри дызыхущІэкьури ди Іуэхум адэкІэ пызыщэн, кьуажэм, районым, республикэм, кьралым я пщэдей нэхъыфІ зыщІын щІэблэ узынщэ кьытщІэхьэнырщ. Ауэ нужь ильэсхэм республикэм кьыщыхьэу щІэпхъаджагъэхэм щІалэгуалэ куэд зэрыхэкІуадэм дегъэпейтей. Фи жылэм дэс ныбжьыщІэхэм теухуауэ сыт жыпІэн? Кьуажэр фызыгъэкІыгъ, гъуэгу пэжнэ теувэ фиІэ?

- Ди гуапэ зэрыхьэнщи, Ислъэмейр дыщІэуэкІ ди гъэнсыкьм. А Іуэху Іей кьеКуэхэмкІэ зэпэщІэщ ди щІалэгъуэалэр. Ар псом япэу зи фыщІэу кьэслыытэр ди нэхъыжьхэрщ. Абыхэм ядоплъей кьытщІэхьуэ щІэблэр. Адрей жылэхэм я пщІэр згъэльахьыну кьашремыхьу, ауэ ди кьуажэм адыгагъэр - хабзэ, нэмыс, уиІыгъ жьыхуэтІэхэр - нэхъ кьыщызэтенауэ пІэрэ жызоІэ.

Елсэльар
МЫЗ Ахьмэдщ.

● Къулыкъу

Хьэрычэтыщ1эхэм я хуитныныгъэхэр хьумэныМкІэ уполномоченнэ Пархоменкэ Юлие

КъБР-м и Іэтащхьэм деж хьэрычэтыщІэхэм я хуитныныгъэхэр хьумэныМкІэ уполномоченнэу Пархоменкэ Юлие мэкъуаугъуэм и 6-м ягъэуващ. Къанокъуэ Арсен абы теухуа Указым иджыблагъэ Іэ щІидзащ.

Пархоменкэ Юлие Виктор и пхъэр Май районым хьихьэ Май къалэм 1967 гъэм къыщалъхуащ. Шахтинск дэт технологие институтыр, иужькІэ Кисловодск экономикэмрэ правэмкІэ и институтыр кьиухащ. Экономикэ щІэныгъэхэм я кандидатщ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэщ.

Зыпэрыта Іэнатіэхэр:

1992 гъэм мэкъуаугъуэм и 6-м къыщыщІадзауэ 2002 гъэм накъыгъэм и 5 пщІондэ «Ювик» ООО-м, 2002 гъэм накъыгъэм и 5-м щегъэжьауэ 2008 гъэм мэлыжьыхьым и 4 хъуэнкІэ Прохладнэ къалэм щыІэ «Дэрбэзэр фабрикэ» ОАО-м и унафэщІащ. КъыкІэпыкІуэ ильэсиплІым Прохладнэ къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэу щытащ. 2012 гъэм фокІадэм и 9-м къыщыщІадзауэ 2013 гъэм мэкъуаугъуэм и 6 пщІондэ «Іуэху зезыхьэ Урысей» ООО-м и КъБЭрдей-Балъкъэр щІыпІэ къудамэм и унафэщІщ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Адыгэхэр.
Сурэтыр **Руто Франц** *щІащ.*

Лъы тыным жыджэру хэтщ

ЛЪЫ ТЫНЫМ теухуауэ ирагъэкІуэкІ Іуэхугъуэхэм КъБР-мкІэ МВД-м и унафэщІхэмрэ кьулыкъущІэхэмрэ жыджэру хэтщ. Сомаджэ хьэлъэхэм защІэзыгъэкъуну гукъыдэж зыщІахэм ящыщщ кьэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министру КъБР-м щыІэ полицэм и генерал-майор Васильев Сергей (*сурэтым)* министерствэм и аппарат нэхъыщхьэмрэ кьэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ щІыналъэ Іэнатіэхэмрэ я унафэщІхэр.

Дыгъэр мазэр кьэзыгъэрэз лы щыхьэщ республикэстанцыем щІэсщ. Іуэхуэм лъы миллилитр 88 700-м щІигъу щатащ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущіапіэ.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Зэманым докІу

Правительствэм и Унэм зэІущІэ щекІуэкІащ КъБР-м и Архив Іуэхущіапіэм 2012 гъэмрэ дызэгъыгъ илъэсым и мазитхумрэ иригъэкІуэкІа лажьыгъэм кьрикІуэхэм теухуауэ. Абы хэтащ министрхэр, республикэм и Профсоюз зэгугъхэм я федерацэм и унафэщІхэр, Іэнатіэм и лэжьакІуэхэр. Архив Іуэхущіапіэм и деж щыІэ Жылагъуэ советым щыщІэкІэ.

ІУЭХУЩІАПІЭМ и Іэтащхьэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий жиІащ архив фондым 1790-2013 гъэхэм егъэщІылъа икІи щІэныгъэ мыхьэнэ зиІэ тхыль, сурэт зэмыІуэужьыгъуэхэр щыІ 581-рэ 935-рэ зэрыхэлъыр.

2012 гъэмрэ дызэрыт илъэсым и мазитхумрэ къэрал ХьуманІэм щІалъхьащ Іуэху зехьэным хуэгъэзэ тхылъхэр, нэгъуэщІхэу 4863-рэ. Абы кьыдэкІуэу фототекэм кьыхэхъуащ сурэт зэмыПІэужьыгъэхэу 1837-мрэ.

«Республикэм и архив фондым щІэльащ иджыдей жылагъуэ-политикэ гъащІэ кьэзыгъэгъэнэу тхыль гъэщІэгъэун куэд. Ахэр хуабжьу купщІафІэщ», - кьыхигъэщхьэхуКІащ Щхьэгъэпсо Сэфарбий. Абы и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, архив фондым щыІэ дэфтэр жыджэру кьагъэсэбэп. Ахэр я лъабжьэу монографиехэр, дипломэ лэжьыгъэхэр ягъэхьэзыр, республикэм и кьуажэхэмрэ кьалэхэмрэ я тхыдэр ядж. Іуэхущіапіэм и еджапІэ пэшхэм ильэс кьэс цІыху 300 щІолажьэ. Кьэпсалъэм кьилытащ дэфтэрхэм я электрон теплъэр ягъэхьэзырыныр архив лэжьакІуэхэм кьапэщІащ кьалэнхэм ящыщ зыуэ.

«Федеральнэ архив агентствэм кьытхуигъэльэгъуащ 2016 гъэм иужьыпІэу ди фондым и процент 23-р архив теплъэм хуэгъэкІуэну. Абы текІуэдзну мылъкур зыхуэдизыр кьальытэнущ 2014 гъэм и республикэ бюджетым кьыщащтэкІэ», - щІигъужащ Щхьэгъэпсо Сэфарбий.

Правительствэм и Унафэщі Хьэсанэ Руслан КъБР-м и Архив Іуэхущіапіэм хуигъэуващ тхылъ псоми я инвентаризацэм теухуа лэжьыгъэм икІущІапІэкІэ я нужь ихьэну. Абы кьыдэкІуэу Федеральнэ архив агентствэм нэхъ кууэ дэлэжьэн хуейщ республикэм архив Іуэхум зыщагъэужьыным, «Урысейм и щэнхабзэр 2012-2016 гъэхэм тещІыхьауэ» федеральнэ программэм хьихьэным хуэгъэзащ Іуэхухэр ягъэзащІэрыр я лъныкъуэкІэ. ЩІыпІэ самоуправленэм и органхэм яхуигъэльэгъуащ Май, Прохладнэ, Тэрч, Іуащхьэмахуэ куейхэм, Прохладнэ къалэм архив Іуэхущіапіэм и кьудамэхэр лэжьакІуэ бжыгъэкІи абыхэм иратыну улахуэхэмкІи убзыхуауэ зэфІагъэувэжыну.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущіапіэ.

● Министерствэхэм

КІэрыхубжьэрыхуэр Іах

КъБР-м Щыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм и жэрдэмкІэ, зыхуэмеиж сырьер щыІах экопунктхэр нэгъабэ льандэрэ Налшык щолажьэ. КІэрыхубжьэрыхуэхэр зэхъуэ зэхуэхьэсыныр къыхэзыгъэнэщ эколого-социальнэ проектыр «Эконова» ООО-м егъэзащІэ. Мы зэманым къаІэм пунктитІ щолажьэ, мыгувэу иджыри атхуэдиз къыхэзыгъахуэ ламПІ лъужьыгъуэхэр, батарейкэхэр, медицинэ термометрхэр, термометрхэр, жып телефонхэм, автомашинэхэм я аккумуляторхэр, лъакъуэрыгъажэ, автомобиль хьэфэ шэрхъэхэр, унагъуэм кьыщагъэсэбэп приборхэр, нэгъуэщІхэри.

КьыІах кІэрыхубжьэрыхуэ лІэужьыгъуэм 10-ми зэрелэжьыжьым экологие щытыкІэр иригъэфІакІуэ, щІатІэхэр егъэмащІэ. Апхуэдэу ящыщ куэдыр щэрыщІэу кьагъэсэбэп.

КІэрыхубжьэрыхуэхэм пщІэ кьапокІуэ, мыкуэдми, ахэр зытхэм хэхъуэ яІэщ.

Мы Іуэху щхьэпэр дапытыну министерствэм кьалэдэсхэр кьыхуредэж.

- Республикэм и экологие зэІуэпэщІыныгъэр кьабзагъэм хуэтщІ гулытэм, ар хьэмэным щІэблэр зэрыщІэтпыкІым елъытащ, - жаІэ а Іуэхущіапіэм и Іэщащэлэхэм.

ХАДЖНЕВЭ Фатімэ.

● Щ1ыналъэхэм кьратхыкІ

Псы кьнугъуэм хуэхьэзырщ

ПСЫМ и кьнугъуэ лъэхъэнэм кьнхьынкІэ хьуну щынагъуэхэм пэмыплъэу, Псыкуэд кьуажэ администрацэм Щэрэдж псы Іуфэм и щІыпІэ щхьэхуэхэр игъэбыдащ. Мы Іуэхур и чэзум тэмэму кьсхьэлІэнымкІэ район администрацэр кьадэІэпыкъуащ, жылэм и язынымкІэ бэджэндырылажьэхэри жыджэру хэтащ.

Псым и кууэагъым иджыпстукІэ зихъуэжа хуэдэкъым. Абы емылытатуэ, мывэ кІэщхьэу КамАЗ автомашинэ 12 из кьашэри, Іуфэ нэхъ тІасхьэхэм Дяпэкіэ псыр Щэрэдж Іуфэм пэмыжьыкьэу щыт лъапсэхэм зэран яхуэхъунукъым.

«ПсэупІэ-коммуналнэ хозяйствэхэм я лэжьыгъэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн» кьэрал программэр кьызэращтэрэ абы Дзэлыкъуэ районыр жыджэру хэтщ.

Дзэлыкъуэкъуажэ дэт унэ зэтету 9 мыгувэу зыхуей хуаГъэзэнущ: ушащхьэхэр зэрахъуэкІынущ, Іуплъапіэхэр ягъэдэхэнщ, псы, газ бжьамийэхэр щІэкІэ яхъуэжьынущ. Мы Іуэхум трагъэкІуэдзну Дзэлыкъуэ районым хуаутІыпщащ сом мелуан 38,5-рэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Сабийхэм я гъэсакIуэ лъэщ

«Кавказ пшэплъхэр» ансамблыр ильэс 25-рэ ирокъу

Дыкъэзыгъэуджхэм я гуфIэгъуэ зэхыхьэ

Налшык Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм щекIуэкIащ УФ-мрэ КъБР-мрэ щапхъэу къыщалъытэ «Кавказ пшэплъхэр» сабий ансамблыр къызэрызэрагъэпэщ ильэс 25-рэ зэрикъум техуэ концерт гукъинэж.

КъАФэР зи Iэпэгъу налшыкдасхэмрэ щэнхабзэмрэ гъэузджэмрэ я лэжьакIуэхэмрэ пшыхьым зыкъгъэзыжьэлIащ, фIым я фIыж «Кавказ пшэплъхэр» гупым и гуфIэгъуэр дагъэпэлIэну. Зи хъэрэкIэ дахэмкIэ цIыхухэм я гур хэзыгъэхъуэ ансамблым апхуэдизкIэ куэд, зэхуишэсати, тIысыпIэ къызылымысахэр мащIэтэкъым.

Сабий творчествэмкIэ республикэм и унафэщIым и къудэзэ **Хьэрэдунэ Лидэ** зэхуэсахэмрэ хьэщIэхэмрэ фIэкIуэ гуапэкIэ зафэигъэзэ ноужь, ягу къигъэкIыжащ «Кавказ пшэплъхэр» ансамблым и екъулIэнкIыфIэр къалъытэу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ (1989 гъэм) УФ-мрэ щапхъэ зытрах я сабий ансамбль (2000 гъэм)» щIыхьыщIэр къызэрыфIащар. Къэбэрдей-Балъкъэр фестиваль зэхуэмыдэхэм я лауреат зыбжанэрэ зэрыхьуар, Тыркум, Польшэм, Франджым, Германием, нэгъэущI щIыпIэ куэдым щытхъу иIэу зэрызыкъыщигъэлъэгъуар.

- Гупым и зэфIэкIымрэ и екъулIэныгъэфIэхэмрэ куэдкIэ я фIыщIэщ абы и художественнэ унафащI, 1988 гъэм ансамблыр къызэзыгъэпэща, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Тхьэмокъуэ Мартин, гупым и балетмейстерхэру УФ-м щIыхь зиIэ, КъБР-м и щIыхьфэ артистхэ Шортан Аллэ, Дзыхьмыщ Аслъан, концертмейстерхэру Сэхъу Маринэ, Джэдгъуф ФатIимэ, Увыж Анзор, Тау Хьусен. КъызэгъащIпхъащ, Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм и унафащI, УФ-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, цIыхубз егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ лэжьакIуэ Къалмыкъ Клара, - жиIащ Хьэрдунэ Лидэ.

ЩIэблэм дахагъэр фIыуэ ильагъуэ гъэсэнымрэ нэхъыжьхэм къащIэна щэнхабзэ хьугъуэфIыгъуэр хъумэныр зэлъытэныгъэфI зэрыкъащIам папщIэ, «Кавказ пшэплъхэр» ансамблым и художественнэ унафащIымрэ и гъэсакIуэхэмрэ Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм ахъшэ саугъэт зэрыхъухьым техуэ унафэм ар къеджащ.

«Кавказ пшэплъхэр» гупым и щIалэ къудамэхэмрэ пщащэ зэкIужхэмрэ концерт программэр уджрыкуIэ къызэIуахащ. КъызэгъэщIпхъэщ, мы къафэ лIэужьыгъуэр щIалэгъуалэм зыкъыхэзгъэщ зэрыщIагъ. Пасэрей хьугъуэлIыгъуэхэм щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ зэдаудэт, я щхэу зэжраIэу. Иджы нэхъ мащIэрэ ягъэзащIэ хъуа фаборэм ефIэ нэхъыжьхэр гукъэкIыж IэфIхэм хашат.

Гупым и солистхэу Къунаш Къантемырэ Дзыхьмыщ Надиерэ ягъэзэщIа «Къафэ»-м нэр ихьэжт. Лъэпкъ фащэ екIур зыщIыгъ ныбжьыщIхэм я утыку итыкIэр гукъинжт, дэрэжэгъуэ ин къэзыт.

Пшыхьыр зращIэкIа ансамблым иIэщ ильэси 6-8 хьурэр лъэпкъ къафэм щыхуагъасэ школ. Абы екIуалIэ цIыкIухэм япэу ягъэзащIэрт «ГъащIэ гъэгу» зыфIащар. УзыгъэгуфIэщ щIэблэ дахэ ансамблым къызэрыщIэувар. Нэри псэри ихьэхуат а щIыкIухэм я утыку итыкIэ екIум.

КъБР-мрэ КъШР-мрэ щIыхь зиIэ я артист, «Балкарие» ансамблым и солист Гароев Жамболатэр КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, «Кабардинка» ансамблым и солист Къуэныкъуэй Алимэр - «Кавказ пшэплъхэр» гупым зэхуэхъуащ, дяпэкIи зиужьыну, ехъулIэныгъэ инхэр иIэну зэрагуапэр къыхаГъащIащ. Абы хэт ныбжьыщIэхэм «Кабардинка», «Балкария» къэрал ансамблхэм кьафэм щIапащэну зэрагуапэри щIагъужащ. Къуэныкъуэй Алимэ Къэзанокъуэ Мартин фIыщIэ ин хуищIащ, кьафэм япэ лъэбакъэщэ хригъэчыгъэ зэрыщытам папщIэ.

«Кабардинка», «Балкария», «Нал цIыкIу», «Маленький джигит», Абхъаз Республикэм и «Адаш», Къурад Михаил зи художественнэ унафащI «Макъамэ» ансамблыр, КъБР-мрэ КъШР-мрэ щIыхь зиIэ я артистхэ Шэрджэс Iэсиет сымэ «Кавказ пшэплъхэр» гупым зэрэдкIэ, къафэкIэ екъуэхъуэхащ. Осетие Ипщэ, Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм щIыхь зиIэ я артист Хъэжьрокъуэ Сультан мы пшыхьым ягъэ утыку къыщIрихьащ «Гордая земля - Кабарда» зыфIища и уэрэдыщIэр. Зэхуэсхэм уэрэдыр ягу зэрырихьар кьагъэлъагъэру Iэгуаузэ ин хуаIэтащ.

Кьафэмрэ уэрэдымрэ щызэщIэжьыуэ пшыхьым кьрихьэлIахэр зэбгрыкIыжащ гуфIэгъуэр я нэгум кьрихрэ щIэблэ гъуэздэжь дызэриIэм иригушхуэу. Кавказым и лъэпкъ кьафэхэр зэманымэ щыIэтэу щIыналъэхэм республикэм и цIыкIэ зыкъыщызыгъэлъагъуэ, цIыхур фIым, дахагъэм хуэзыгъэуш «Кавказ пшэплъхэр» ансамблыр ильэс куэдкIэ иджыри утыку итыну, ефIэкIуэну ди гуапэщ.

ТЕНДЖЫЗ Данэ.

Сурэтхэр **КАЮДИН Евгений** *трихащ.*

«Кавказ пшэплъхэр» ансамблым и тхыдэ дахэр кьыдожьэ КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Тхьэмокъуэ Мартин ар къыщыхэгъэпэщащ 1988 гъэм. Мы ансамблыр республикэм и къэфакIуэ нэхъыфIхэм ящыщщ.

ИЛЬЭС 25-м кьриубыдэу Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм Тхьэмокъуэм къэфакIуэ гуп зыбжанэ къыщигъэкIащ. Абы и дэIэпыкъуэгъуэ балетмейстерхэру УФ-м щIыхь зиIэ и артистхэ, КъБР-м и щIыхь зиIэ артистхэ Шортан Аллэ, Дзыхьмыщ Аслъан, концертмейстерхэру Сэхъу Маринэ, Джэдгъуф ФатIимэ, Увыж Анзор, Тау Хьусен. Ансамблым щIыхь 40 хэтщ. Ахэр гупитI мэхъу - нэхъыщIэрэ (ильэси 10-13 хьурэр), нэхъыжьрэ (13-16). Ильэсыр 6-8 хьурэр лъэпкъ къафэм щыхуагъасэ школи иIэщ.

Ансамблым и программэр гъэщIэгъуэнщ икIи удэзыхьэщ. НыбжьыщIэхэм ягъэзащIэ гушыIэ, сюжетэ, Кавказым и лъэпкъхэм я къафэ лIэужьыгъуэхэр, Хэкум теухуа уэрэдэр оркестрыр дэщIыгъуэу жаIэ. Тхьэмокъуэ Мартин кьафэ 25-м щIигъу игъэуващ. Урысей, дунейпсо дамыгъэхэмрэ медалэхмкIэ кьалъытащ абыхэм я фIагъыр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «Кьафэ» пасэрей адыгэ кьафэжьыр, «Уэрэкъ кьафэр», «Уджыр», «Зэныбжьэгъуэхэм я кьафэ» щIэлэгъуалэ сюитэр, нэгъэущIхэри. Ансамблыр республикэм къыщынэмыщIа, нэгъуэщI щIпIэхэми кьыщыкIуэ. Ахэр хэтащ Урысейм, Францджым, Тыркум, Абхъазым, Германием, Польшэм, Украинэм, нэгъэущI щIыпIэхэм щекIуэкI фестивалхэм. КьафэкIуэхэм я зэпеуэру щIыпIэ зэхуэмыдэхэм щекIуэкIэхэм жыдджэру зыкъыщагъэльагъуэ. Апхуэдэ зэхьэхэм зыбжанэрэ ямэ, я гъэзэжьыгъуэ ин ящыщ я къыщащхьэ. Къэбгъэльагъуэмэ, 1993 гъэм Францджым щекIуэкIа дунейпсо зэпеуэм и щIэтэ гуп 47-м утыку кьрахьахэм я нэхъыфIу кьалъытащ Тхьэмокъуэ Мартин нарт эпосыр и лъабжьэу игъэувам «Дахэнагъуэ и хьэбар» кьафэр. 1994 гъэм «Кавказ пшэплъхэр» Франджым ирагъэблэгъащ. КьыщынэмыщIауэ, ансамблыр 1997 гъэм хьуащ Урысей Артиздэм и лауреат. Къэбэрдей-Балъкъэрым и литературэмрэ гъэузджэмрэ я махуэу 1995 гъэм Москва щекIуэкIам гупыр у жьдджэру хэтащ. 2000 гъэм ансамблыр и зэфIэкI щепльыжащ Тыркум и Анкарэ щекIуэм къыщыщагъэпэща дунейпсо фестивальым. Кьафэмрэ уэрэдымрэ щызэщIэжьыуэ Тхьэмокъуэ Мартин ягъэува «Кавказым и бынхэр», «Кавказ пшэплъхэр», «Долинск и розэхэр» сюитэхэм саугъэт хьыхуагъэфэщащ.

2003 гъэм Франджым и Ганнат кьалэм щекIуэкIа фестивалым «Кавказ пшэплъхэр» хэтащ. IэрыпIуатэм и лэжьакIуэхэм я лъэпкIэ, Тхьэмокъуэм Кавказым ис лъэпкъхэм я кьафэхэм кIэ мастер-классхэр иташ. «Зэныбжьэгъуэхэм я кьафэ» щалэгъуалэ сюитэр щIэщыгъуэ зэригъэувам папщIэ, дунейпсо сертификат Тхьэмокъуэм кьаратащ.

Ансамблыр гъэлъэгъуэныгъэ, зэхьэхьэ зэхуэмыдэхэм хэтащ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, 2006 гъэм Франджым и Страсбург кьалэм щекIуэкIар, 2007 гъэм «Интурмаркет» дунейпсо турист гъэльэгъуэныгъэр, Къэбэрдейр Урысейм зэригъыкIэрэ ильэс 450-рэ зэрырикъум техуэ гуфIэгъуэ зэхьэхэр, 2009 гъэм Тыркум щекIуэкIа «Кавказ Ищхъэрэм и кьафэхэмрэ уэрэдхэмрэ» дунейпсо фестивалыр, нэгъэущIхэри.

«Кавказ пшэплъхэр» ансамблым и гъэсакIуэхэм я щIэныгъэр зэпыныуэ хагъахьуэ, ныбжьыщIэхэр зэрырагъаджэ Iэмалхэр ирагъэфIащ. ЩIэныгъэхагъасэ хабзэм, нэмысым, цIыху хэтыкIэм, IэщIагъэ зэгъэгъуэным, Хэкур фIыуэ лъагъун зэрыкъуэкIыр я щIэныгъэм. Гупым хэтхэм нэгъэущI щIыпIэхэм зыкъыщыщагъэльагъуэкIэ, зэрыпсэчинфIэм кьыдэкIуэу, зыныкIэ ежьу зэрадам, щэнхабзэм кьафэм дыдэу утыку зэриттым гу кьыльамытэу кьаныркъым. Тхьэмокъуэ Мартин игъэсахэр «Кабардинкэ», «Балкарие» къэрал ансамблхэм я кьафэ щIэныгъэ зэрыщIагъэ щIыпIэхэм хохьэ, ежьмэ нэхъыщхьэхэм я щIэныгъэр щыхагъахьуэ.

2011 гъэм «Запад Восток» зэгурыкIныгъэм щекIуэкIа псапащIэ щауэ Германием щата псапащIэ кьыщыщIэзэгъэхьуIэну си мурадхэр мащIэкъым. Щыхьэм кьзыгъэзэгъуэщI, гур хэзыгъахьуэ, дзрэжьэгъуэ езыт кьафэр си Iэпэгъуу си хьуэпсапIэхэм сахуэжьIуэну сыхуоибгъэ.

Мэрем Ланэ: - Тхьэмахуэм махунщ кьафэм хухьдох, ауэ еджэным зыщIедмыгъэхьу тбуи зэрызэдэгъэныным нужь дитщ. Кьафэм щэнхабзэм, гъуэзджэм ухегъэгъуаэз, уи Iэпкьлъэпкыр екIу, дахэ ешI. ЩIэх тщыгъупщэжьакъым Кавказым и кьэфакIуэхэм я фестивальр Тыркум щекIуэкIар. Ди ансамблым и гуп нэхъыщIэм хэт цIыкIухэр кьыддопсыну, нэхъыбэ кьыгтрах. ЕтIанэгъэ ТкIБКъУ-м сыщIэтIысхьэну си мурадщи, абы щыIэ кьафэкIуэ гупым сыкьхьэу си зэфIэкIым хэзгъэхьэну сыщIохьэупс.

ЩхьэгъуэМурат: - «Кавказ пшэплъхэр» ансамблым и гупым ильэситху хьуауэ сфIэфI дыдэу сыхэтщ. Сыкуейщ адыгэ гъуэзджэм кьикIуа гъуэгуанэр нэхъри кIыхь, дахэ хьуну. Нэхъапэм дуней псом щIэрыуэ дыдэрыщIыхьэ ди гъэпкъ фащэмрэ кьафэмрэ я пщIэр ящIэтIэтхьыну, ди нэхъыжьхэм нобэм кьыкъэса щэнхабзэ кьулейр дгъэбэгъуэну ди кьалэну кьызольытэ. Республикэм ис щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ кьыхуэзджэ кьэфэкIэ зрагъэщIну. Ар ди лъэпкъым кьыгъэщIа дахагъэхэм ящIэ.

Тхьэмокъуэ Аминэ: Иджыри сыкьалъхуагъащIэу ансамблым и кьэфэкIэр видеокIэ зыльэгъуа си анэм игу иригъат. Абы щыгъуэм мурад ищIат ильэситху сызэрыхьуу кьафэм щыгъэзащIэну. Сабий гъэсапIэм сыщыкIуэри си анэмрэ анэшхуэмрэ кьафэм сыхагъахьэщ, нобэр кьызэдэсы сыхэтщ.

КъБР-м и Правительствэм и Унэм зэрызыкъыщыдгъэльэгъуар гукъинэж сщыхьащ. Кьафэм кьыдэкIуэу, уэрэдыдгъэзащIщ. КьрикъэлIахэм ди утыку итыкIэр хуабжьу ягу иригъат, саугъэтхэрэр кьыдатащ. ЗэкIэ нэгъэущI щIыпIэхэм щекIуэкI зэхэхьэхэм сыхэтщ кьыскухиуакьым, ауэ дяпэкIэ сыхэхуэну согугъэ. Мы гъэм школыр кьызоуэри, еджапIэ нэхъыщхьэм сыщIэтIысхьэну си мурадщ.

Елжырокъуэ Астемыр: Епланэ классым сыщеджэу си анэм мы ансамблым ягъэу сыкьшащ. Балетмейстер Дзыхьмыщ Аслъан сыкьыщигъафэм, сигу ирихьри, зыщыдзгъэсэну сыкьыхьыхащ. Ильэс ебланэ хьуауэ гупым сыкьхэтщ, ящIэну ди кьафэм гу щысхуакьым. Мы гъэм школыр кьызоуэ. КьызэхьулIэмэ, еджапIэ нэхъыщхьэм рэ кьафэмрэ зэдэсхьыну си гугъэщ.

Кьарэ Линэ: ИльэсипщI и пэкIэ си адэм сыкьишащэу ыбтащ мы ансамблым. Абы щыгъуэ иджыри кьафэм и мыхьэнэр кьызгурыIуэрэтэкьым, ауэ сыкьыщдэкIуэтея нужькIэ кьэсщащ абы зэрызыгурыIуэрэ щIэныгъэ ин дахагъэ хэлъымрэ. Ансамблыр дыкьащIыхуащи, Урысейм, нэгъэущI щIыпIэхэми щыIэ фестивальэ, зэпеуэ зэхуэмыдэхэм щIэх-щIэхыпхэр драгъэблагъэ.

Псом хуэмыдэу дигу ирохь кьгъэущI кьэралхэм щыIэ зэкьыхьэжьу ди зэфIэкI зэрыщIагъэуэнэхэр. НэгъэущI щIынальхэхэм ди республикэм и щэнхабзэр, гъуэзджэр зэрыщIидгъэльэхэм ди республикэм и щэнхабзэр, гъуэзджэр зэрыщIидгъэльэхэм я щIэныгъэ зэрыщIагъэ щIыпIэхэм щекIуэкI фестивальэхэр зэпеуэхэмрэ дыхэтыну кьызэрытхьэхэр зэрыгухьэгъуэ. Гукъинэжт Москва кьалэм, Тыркум, Абхъазым, нэгъэущI щIыпIэхэм щекIуэкIа зэхьэхьэхэм зэрызыкъыщыдгъэльэгъуар.

ГъащIэм щызэзгъэхьуIэну си мурадхэр мащIэкъым. Щыхьэм кьзыгъэзэгъуэщI, гур хэзыгъахьуэ, дзрэжьэгъуэ езыт кьафэр си Iэпэгъуу си хьуэпсапIэхэм сахуэжьIуэну сыхуоибгъэ.

Мэрем Ланэ: - Тхьэмахуэм махунщ кьафэм хухьдох, ауэ еджэным зыщIедмыгъэхьу тбуи зэрызэдэгъэныным нужь дитщ. Кьафэм щэнхабзэм, гъуэзджэм ухегъэгъуаэз, уи Iэпкьлъэпкыр екIу, дахэ ешI. ЩIэх тщыгъупщэжьакъым Кавказым и кьэфакIуэхэм я фестивальр Тыркум щекIуэкIар. Ди ансамблым и гуп нэхъыщIэм хэт цIыкIухэр кьыддопсыну, нэхъыбэ кьыгтрах. ЕтIанэгъэ ТкIБКъУ-м сыщIэтIысхьэну си мурадщи, абы щыIэ кьафэкIуэ гупым сыкьхьэу си зэфIэкIым хэзгъэхьэну сыщIохьэупс.

ЩхьэгъуэМурат: - «Кавказ пшэплъхэр» ансамблым и гупым ильэситху хьуауэ сфIэфI дыдэу сыхэтщ. Сыкуейщ адыгэ гъуэзджэм кьикIуа гъуэгуанэр нэхъри кIыхь, дахэ хьуну. Нэхъапэм дуней псом щIэрыуэ дыдэрыщIыхьэ ди гъэпкъ фащэмрэ кьафэмрэ я пщIэр ящIэтIэтхьыну, ди нэхъыжьхэм нобэм кьыкъэса щэнхабзэ кьулейр дгъэбэгъуэну ди кьалэну кьызольытэ. Республикэм ис щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ кьыхуэзджэ кьэфэкIэ зрагъэщIну. Ар ди лъэпкъым кьыгъэщIа дахагъэхэм ящI.

Тхьэмокъуэ Аминэ: Иджыри сыкьалъхуагъащIэу ансамблым и кьэфэкIэр видеокIэ зыльэгъуа си анэм игу иригъат. Абы щыгъуэм мурад ищIат ильэситху сызэрыхьуу кьафэм щыгъэзащIэну. Сабий гъэсапIэм сыщыкIуэри си анэмрэ анэшхуэмрэ кьафэм сыхагъахьэщ, нобэр кьызэдэсы сыхэтщ.

КъБР-м и Правительствэм и Унэм зэрызыкъыщыдгъэльэгъуар гукъинэж сщыхьащ. Кьафэм кьыдэкIуэу, уэрэдыдгъэзащIщ. КьрикъэлIахэм ди утыку итыкIэр хуабжьу ягу иригъат, саугъэтхэрэр кьыдатащ. ЗэкIэ нэгъэущI щIыпIэхэм щекIуэкI зэхьэхьэхэм сыхэтщ кьыскухиуакьым, ауэ дяпэкIэ сыхэхуэну согугъэ. Мы гъэм школыр кьызоуэри, еджапIэ нэхъыщхьэм зэдэсхьыну си гугъэщ.

Кьарэ Линэ: ИльэсипщI и пэкIэ си адэм сыкьишащэу ыбтащ мы ансамблым. Абы щыгъуэ иджыри кьафэм и мыхьэнэр кьызгурыIуэрэтэкьым, ауэ сыкьыщдэкIуэтея нужькIэ кьэсщащ абы зэрызыгурыIуэрэ щIэныгъэ ин дахагъэ хэлъымрэ. Ансамблыр дыкьащIыхуащи, Урысейм, нэгъэущI щIыпIэхэми щыIэ фестивальэ, зэпеуэ зэхуэмыдэхэм щIэх-щIэхыпхэр драгъэблагъэ.

Псом хуэмыдэу дигу ирохь кьгъэущI кьэралхэм щыIэ зэкьыхьэжьу ди зэфIэкI зэрыщIагъэуэнэхэр. НэгъэущI щIынальх

●Іуэху еплъыкІэ

Дыззрыпсалъэр адыгэбзэу пІэрэ?

Бзэм и псэр хэкІын щыщІидзэр

АНЭДЭЛЪХУБЗЭМ и дунейпсо махуэм ипсэ иткІэ, мэзаем и 21-м «Адыгэ псалъэм» къытеддза тхыгъэм къыщыдгъэлъэгъуат «бзэм кІуэдын зэрыщІидзэр». Ауэ ар дэтхэнэ зы къэралыгъуэм дежи нэхъ убгъуауэ кыщыштэмэщ апхуэдэу щаубзыкыр. Дигу кьдгъэкІыжынщ анэдэлъхубзэм кІуэдын зэрыщІдзэ щыІэр. ЯтІэ сабий Іыгъыпсэм, пщІэдзэ еджапІэкъэм анэдэлъхубзэр ирикъуу щрамыгъащІэмэщ. ЕтІуанэр уэрамхэм, лэжьапІэкъэм ирикъуу щыІэрамыкъэжмэщ. Ещанэр анэдэлъхубзэр унагъуэм кьыщамыгъэсэбэпык, щыІэрамыгъэщІэжьиф щыІэхъращ.

Абыхэм еплІанэу, ятІэ дыдэ итыпхъэу иджыри зы Іэхъугъуэ хэгъэхьэжамэ хъунут. Ари *«бдзэжьейр и щхьэмкІэ фын щыщІидзэ»* зэрыжаІауэ къэралыгъэм и Іэтащхьэм, къуныкъущІэ, еджагъэшхэу, адэ-анэхэм я анэдэлъхубзэр кьафІэмыІуэхужмэщ. Лъэпкъым и щыху пажэхэм лэжьыгъэ щарагъэкІуэкІкІэ я анэдэлъхубзэр кьамыгъэсэбэпмэ, абыкІэ езыхэр щІэблэщІэм щапхьэфІ яхуэмыхьуэ, щыху кьыІэрыгуэжыр сытым иригъуэзэну, хэт итъгуэзуэну?

Иджмпсту зи гугъу тщІыну дызыхуейр, анэдэлъхубзэр зейуэ, сэр нэхъыфІу адыгэбзэр зыщІэ щыІэкъым жызыІэхэм, апхуэдэу кьыхьифІэщІыж куэдым ямыщІэхъэу ар зэрапсыхъращ.

Цыхубэм ятІэ дыдэ ябгъэкІуэдыр мазэщІэхэрщ

АНЭДЭЛЪХУБЗЭР лъэпкъым Іэщ1эхун зэрыщІидзэр ятІэ дыдэ кьыІэрыпщІэр мазэщІэхэр зэрамыхьэж щыхъурац. НэгъуэщІу жыпІэмэ, бзэм ятІэ дыдэ хэкІуэдрыкІэр ахэращ. МазэщІэхэр зи бзэкІэ зиІэ лъэпкъ куэд щыІэкъым, дэ, адыгэхэр, а мащІэм дащыщщ. Арщхьэкіэ византий, урымхэм фІаща мазэщІэхэр дэрэ кьыптокІуэри, дыдейхэр тІэщІохур. Абы щыгъуэми, мазэщІэ закъуэр хамэбзэм щыщу кьащтэми, бзэр щоІэф.

АдэкІэ махуэщІэхэр яІэщІокІ

«АДЫГЭБЗЭ чистэкІэ» жыпІэмэ, *«понедельникым работэ дыкІуэнщи, воскресньем отдыхать тщІынщ»*, - кьапсэлъыну щыщІадзэращ махуэщІэхэм кІуэдын щрагъажьэр. УмыгъэщІэгъуэн плъэжьыркъым апхуэдэу щыжаІэр. Нэрылъагъукъэ блыщхэ, гъубж, бэрэжьей, махуэку, мэрем, щэбэт, тхьэмахуэ кьыупсэлъыну зэрыпэхъатышыр урысыбзэкІэ нэхъеІэ. Ди жагъуэ зэрэхъунщи, абы кьеГъэлъагъэр анэдэлъбзэр зэрытІэщІэхурщ. Ауэ абыкІи дигу дгъэкІуэд хъунукъым, сыту жыпІэмэ, махуэщІ тІэкІуми и закъуэ бзэм ягъэшхуэ иригъэкІыфынукъым, адрейхэр ямыгъусэмэ.

Нэхъ Іеижьыр бжьыгъщІэхэр щыпІэщІэхурщ

БЗЭМ нэхъ зи ягъэ езыгъэкІыр бжьыгъщІэхэр щыпІэщІэхурщ гъащІэм нэхъ куууэ, нэхъ хэпщауэ хэльщи, ахэр куэд дыдэрэ кьыдогъэсебэпри. КъищынэмыщІауэ, бжьыгъщІэхэр гъащІэм хобэгъухь. НэгъуэщІу жыпІэмэ, ахэр зэрыхъур пщыкІутІкъым (мазэщІэхэм хуэдэу) е ёлькъым (махуэщІэхэм ещхьу), атІэ мелардхэм нос. Абы кьыхэкІкІэ, бжьыгъэщІэ зимыІэж бзэр дамэ зимыІэж бзу мэхъу. Аращи, анэдэлъхубзэм бжьыгъэщІэхэмкІэ кІуэдын щІедзэ. Ди жагъуэ зэрэхъунщи, мымащІэу дыдыуэзэ дахэжьеІуэу адыгэбзэкІэ псэльэф, ауэ бжьыгъэщІэ зымыщІэ. Щэч хэпльхьм, мащІэу хуэсакьхэмэ, абыхэм ари дахэ дыдэу, тыншу зэрыжаІэфынур. Абы щыгъуэми, бжьыгъэщІэхэр тІэщІэхэмэ, абы бзэм мыкІыжьын уІэгъэшхуэ кьытридзэнущ.

Пэжщ, тІощІым тещІыхьа пасэрей адыгэбзэ бжэкІэр гугъут - ар иджмпсту кьекІужыркъым. Сыту жыпІэмэ, нобэрей гъащІэр псынщІэу йокІуэкІ. Абы и хуабжьагъым зыдумыгъэкІуэмэ, укьыкІэрэхъунщ е уи бжэкІэрэ бжьыгъэщІэхэри пІэщІигъэхупэнущ.

Девгъэгупсысыт зэ, псальэм папщІэ, зыгуэрым телефонкІэ уопсальэр, **798 76 54** номерыр ибогъэтх. Пасэрей адыгэ бжэкІэмкІэ зэрыжьыпІэну щытар: *Щиблрэ тІощІипІлрэ пщыкІунрэ тІощІидзэ пщыкІуэрэ, тІощІитІрэ пщыкІуплрэ.* А телефон номеры щыжеІэм ар гурыІуэгъэу итхыфын папщІэ езыр-езыру хьисэп куэд ищын хуей мэхъу. АбыкІэ мыщІагъуэу щытмэ, итхыфынукъым. Ди жагъуэ зэрэхъунщи, адыгей жьыжьэм иджыри абыкІэ зиужьакъым. Абы кьыхэкІкІэ, бжьыгъэщІэхэр абыхэм нэхъ щІэхьу яІэщІэхуац. Ауэ кьэбзэрдейхэм адыгэ бжэкІэр, бжьыгъэщІэхэр щыІэрамыкъэм, щыІэщащтэ-гъупщэм щхьэусыгъуэ щыІэхъэкъым. Иджыпсту кьэбзэрдей бжэкІэмкІэ ар зэрыжьыпІэнур: щиблрэ бгъущІрэ ирэ, бльщІрэ хы, тхущІрэ плы. Ар урыс бжэкІэми ефІэкІыу си гугъщ.

Маржэ, дыхуэзгъэсакъ адыгэ бжьыгъщІэхэр зэдгъэщІынкъым, ахэр гъащІэм нэхъ ерыщу щыІэтхъэжьым. Бзэр кІуэдын зэрыщІидзэр щыІэкІэщ. Анэдэлъхубзэр Іуплъэм тІощІ дзэ кьэна, абы зы тІэкІуКІи ухуэбэлэрыгъэ хьунукъым.

Хьэлъэ псори зым тедгъащІэмэ

БЗЭМ и Іуэхур егъэзыхыгъуэ зэрыхьуар ІупщІу уэзыгъащІэщ глагол (хьурыщІэ) псоми я пщэрылъыр «щІын-щІэн» закъуэм и пщэм зэрыдэхуар. Щапхъэ кьэхтыхьынти: *«фчира ранэу си другым звонить* хуэсщІынути, и *номер телефоныр забывать* сщІауэ кьыщІэкІащ. *Тетраду* сиІэр *исследовать* сщІыри, и *номер телефоныр* кьэзгъуэтащ. Звонить хуэсщІа щхьэкІэ отвечать ищІакъым. Си гугъэмкІэ, е *слышать* ищІакъым е и *телефоныр* унэм *забывать* щищІащ. Си *номер* кьиІьагъуми, *перезвонить* кьысхуищІыжьынщ жысІэрэ *ждать* сщІащ. Ауэ ар *ждать* сщІыу сыщытынт? Сеуэри, *на работэ* сыкІуащ. *Обработать* сщІын хуейу *работэ* куэд сиІэти...»

ЦІыхуэр мыпхуэдэу псальэрэ ар адыгэбзэ кьафІэщІыжу щытмэ, *мин* абы щыгъуэ ди Іуэхур Іей дыдэ хьуауэ ди унагъэбжэр зэхуэтщІыжьыным дынэсауэ аращ. Маржэ, дызэвгъэпІлажьыт, дэтхэнэ зыри дызэрыпсальэр адыгэбзэу пІэрэ, хьэмэрэ апхуэдэу кьытфІэщІу ара?

ХЬУАЖЬ Фахьри.

«Кабардинка» гупыр кьоф. *1996 гъэ*

●Гъуазджэ

ХьэтІохъущокъуэм и хадэм щыблэнущ

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и жэрдэмкІэ мэкъуаугъуэм и 22-м Налшык ХьэтІохъущокъуэм и хадэм щекІуэкІынущ фэепль пэкІу. Ар хуэгъэпсаш Хэку заузышхуэр зэрыщІидзэрэ ильэс 72-р щрикъум.

ПАРКЫМ ит «ЩІыхьым и мафІэ мыужьхьым» деж пщэдджьжьым сыхьэти 4-м щыІэхуэсынущ щІалэгъуалэ гупышхуэ. Абыхэм абдеж щыпагъэнэнущ Хэку заузышхуэм хэкІуэдахэм я фэепль пхуэ уэздыгъэхэр. ПкІуэм къраГъэблагъэнущ заузым и ветеранхэр, абы хэтынущ жьлагъуэ, щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм, политикэ партхэм я лІыкІуэхэр. А махуэ гуауэр зи нэгу щІэхІахэм ягу кьагъэкІыжынущ гуэзэгъуэр кьаззэрытепсыхауэ щытар, абы я гум щигъэщІа гурыгъэзэр.

Фэепль зэхуэсым кьыдогъэблагъэ абы хэтыну гукъыдэж зиІэ псори.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

●Спорт хъыбархэр

Іэпщэрыбанэ зэхэт

Дзэмыхь Науры и дыжьын медалыр

КИСЛОВОДСК щекІуэкІащ Іэпщэрыбанэ зэхэтмкІэ Урысейм и МВД-м и къэралкІуэцІыдзэхэм я чемпионат. Абы КъБР-м икІа Дзэмыхь Науры етІуанэ увыпІэр къыщихьащ. ІэпщэрыбанэмкІэ Урысейм спортымкІэ и мастер ди щалэм бэнэгъуэпІлыр ехъулІэныгъэ иІэу къызэринэкІами, кІэух зэпеуэм хьэрхуэрэгъу къыщыхуэхъуа Мэжидов Абдул-Хаким хуэгъэщІэжакъым. Дзэмыхьыр и гъэсэнщ тренер Дыджэ Алим.

Спортсменхэр я хьэлъагъ ельытауэ зыхэта зэІущІи 8-р олимп мардэм иту ирагъэкІуэкІащ. Чемпионатым и дамыгъэхэм щІэбэнащ Урысейм и МВД-м и къэралкІуэцІыдзэм и щІыналъэ ІэнатІэхэм, дзэ еджапІэхэм я лІыкІуэхэр зыхэт команда 12.

«Спортсмени 100-м нэблагъэ къыззэхуэзышэса чемпионатым кьрихьэлІащ дунейм псом, Европэм и чемпионхэр, дунейпсо класс зиІэ спортым и мастерхэр. Абы кьегъэлъагъуэу зэхьэзэхуэм ухэтныр пщІэ лъагэу зэрыщытыр»,- кьыхиГъэщащ Урысейм и МВД-м и къэралкІуэцІыдзэхэм я спорт клуб нэхъыщхьэм и унафэщІ, полковник Малофеев Владимир.

Унивэрсиадэ

Къэзан кІуэну загъэхьэзыр

БАДЗЭУЭГЪУЭМ и 6-17-хэм Къзэан къалэм (Тэтэрстаным) XXVII Дунейпсо Гъэмахуэ Универсиадэ-2013 щекІуэкІынущ. Спорт пІэужьыгъуэ 27-мкІэ къэрали 170-м я лІыкІуэхэр щІэбэнынущ медаль 350-м щигъуи.

Бадзэуэгъуэм и 6-м спорт зэхьэзэхуэшхэр къызэрызэІуахынну гуфІэгъуэ зэІущІэм КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен ирагъэблагъащ. Абы кІуэнущ ди республикэм спортымрэ туризмэмкІэ и министр АфІэунэ Аслъэни.

Зэхьэзэхуэр бадзэуэгъуэм и 17-м зэхуэщІыжынущ. Абы ирихьэлІэнущ КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадэ Чеченов Ануарро Правительствэм и Унафэщ Хьэсанэ Руслан-рэ.

Урысейм и командэ кІыхэхам хэту ди спортсменитІым Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхьыр зэхьэзэхуэм щахъумэнущ. УФ-м щІыхь зиІэ и тренер Емкъуж Мухьэмэд и гъэсэн Хьэбэчыр Мурат бадзэуэгъуэм и 7-11-хэм килограмм 81-рэ зи хьэльагъэм я бег дзюдомкІэ щыбэнэнущ. Дунейпсо класс зиІэ спортым и мастер Кучинэ Марие атлетикэ псынщІэмкІэ зэпеуэм хэтынущ.

Дзюдо

Дыщи жэзи

«ЭЛЬБРУСОИД» спорт клубым и саугъэтхэм щыщІэбэна дзюдомкІэ урысейпсо зэхьэзэхуэ Черкесск щекІуэкІащ. Абы хэтащ 1996 - 1998 гъэхэм кьалъхуа ныбжьыщІэхэр.

Зэхьэзэхуэм и мурад нэхъыщхьэу щытащ дзюдом зегъэужьыныр, цІыхуэхр узынщагъэр хьумэным кьыхуеджэныр, спортсменхэм я зэфІэкІым хэгъэхъуэныр, Урысейм и щІыналъэхэмрэ къалэхэмрэ яку дапІэ спорт зэпыщІэныгъэхэр егъэфІэкІуэныр.

Турнирым хэтащ Къэрэшей-Шэрджэс, Къэбэрдей-Балъкъэр, Ингуш, Осетие Ищхъэрэ-Алание республикэхэм, Ставрополь, Краснодар краихэм, Москва, Тюмень къалэхэм щыщІ спортсмен 67-рэ. Ди республикэм и щІыхьыр яхъумащ дзюдоист 12-м.

Абыхэм медаль зэмылІэужьыгъуэу 4 къахьащ. Щыхуэхъуэм я дзюдоистэ щІэпщапщэ Самиррэ Унэшхуэлі Аслъэнрэ. Занкишиев Къазбэч ещанэ хъуащ. НыбжьыщІэхэм я зэпеуэм жэз медалыр къыщихьащ Бакіуу Ратмир.

ТекІуэхэм медалхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ ираташ.

Зэхьэзэхуэм и судья нэхъыщхьэу щытащ Урысейм дзюдомкІэ и федерацэм и судья колегием хэт, урысейпсо категорие зиІэ Емкъуж Мухьэмэд.

Каратэ

Дунейпсо чемпионатыр къапоплъэ

КАРАТЭ киокусинкаимкІэ Москва щекІуэкІа урысейпсо зэпеуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэхэм зэфІэкІ лъагэ кьащагъэльэгъуащ: дыщэ медалу тІу, жэзуи апхуэдиз къахьащ. Абы щытекІуэхэр KWU дунейпсо чемпионатым хэтынущ.

Зэхьэзэхуэм чемпион щыхьэщащ Ахматов Артур и гъэсэнхэу Тилов Артуррэ Биткаш Емельянрэ. Бесльэней Астемыррэ Перельман Михаилрэ жэз медалхэр къахьащ.

ГЪЭУНЭ Светланэ,
КъБР-м Спортымрэ туризмэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ.

Бокс

Прохладнэдэсхэм я ёхъулІэныгъэ

МАЙ къалэм махуитІкІэ щекІуэкІащ боксымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхъэрэ-Аланиемрэ я спортсмен 200-м нэблагъэ зыхэта, Кавказ Ищхъэрэм и къалэхэм я турнир.

ГуащІэу екІуэкІа зэхьэзэхуэм Прохладнэ муниципальнэ щІыналъэм и «Колос» сабийныбжьыщІэ спорт школым и гъэсэнхэм ехъулІэныгъэ лъагэхэр щызыІэрагъэхьащ. Я хьэлъагъ елытауэ, зыхэта зыхьэзэхуэхэм текІуэныгъэ къыщахьащ Къалмыкъ Амир, КІуэкІуэ Артур, Къардэн Тимур, СантІыкъ Ислъам, КІэщ Нурмухьэмэд, СантІыкъ Алик, Нафонов Роман сымэ. Тэмазэ Арменрэ Пщымырзэ Зауррэ етІуанэ хъуащ.

«Шэч кьыытесхьэркъым ерыщу зызыгъаСэ ди спортсмен ныбжьыщІэхэм спорт гъащІэм ехъулІэныгъэ куэд кьаззэрыщІэпплъэм,- жиІащ абыхэм я тренер-егъэджакІуэ, спортымкІэ мастер Тэмазэ Анзор. - Къыхэзгъэщыну сыхуейщ ильэсибгъу ныбжь зиІэ, ильэсэрэ ныкъуакІэ фІэкІа боксым зыхуэзымыгъэсэ КІуэкІуэу Артур текІуэныгъэ куэд зыІэригъэхьэфу командэм рекордсмен щыхьэну зэрыхуущІыхьар. Зэхьэзэхуэ зэмылІэужьыгъуэхэм абы кьыщыхуагъэфэщащ щыхьэ тхылърэ медалу 13, абыхэм ящыщу 12-р дыщэщ».

ГЛАШКОВЭ Еленэ.

●Хъыбар кІэщІхэр

ЦІыкІухэм я ІутІыжщ

Сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр зыхуей хуэзэу кьыщыІэзгъэпэщащ Лэскэн районым.

«КАВКАЗЫМ и пшэпль» (Ташлы-Тала), «Псынэ» (Арщыдан) гъэмахуэ лагерхэм сабий 1000-м щІигъэ зыщагъэпсэхунущ. Иджыпсту абыхэм щыІэ апэ гупхэм я дэтхэнэ зы махуэри нэгузыужьу зэрыригъэкІуэкІынкъым гъэсакІуэхэр хущІокъу.

Гъэмахуэ мазищым кьриубыдзу лагерхэр зэрыдлэжьэну программхэр цыкІухэм тэмэму зэрызагъэпсэхун хуей мардэхэм сыткІи тещІыхьауэ зэхальхьащ. Абыхэм ябгъэ иткІэ, сабийхэм я зэхэщІыкІым зезгъэужь джэдкІэ я гъэщІэгъэнхэр, зуешащагъэ езыгъэфІакІуэ спорт зэхьэзэхуэхэр драгъэкІуэкІ. Псом хуэмыдзу цыкІухэр яфІэфІу дунеяплъэ макІуэ. Зи гугъу тщІы гъэмахуэ лагерхэр Лэскэн районым и мэзыплъэ щыпІэ нэхъ дахэ дыдэхэм хэтщ, псы Іэрыщэхэр йожэх.

Мы гъэм «Кавказым и пшэпль», «Псынэ» лагерхэм зэщагъэпсэхунущ бынунагъэущхуэхэмрэ хуэмыщІауэ псэу унагъэхэмрэ кьахэкІа сабий куэдым.

«ЗэфІэкІ зиІэхэм я вагъуэбэ»

«ЗэфІэкІ зиІэхэм я вагъуэбэ» фІэщыгъэм щІэту Тэрч районым щекІуэкІащ егъэджакІуэ хорхэм я фестиваль. Курыт еджапІэ 15-м щыщу абы цІыху 225-м я зэфІэкІ щагъэлъэгъуащ.

Тэрч район администрацэм и Іэтащхьэ Пэнагуэ Максим бжьыпІэр зыубыдхэм ахъшэ саугъэту яхуигъэува сом мин 40-м иджыри хигъэхъуэжащ. Лъэпкъ уэрэдхэмрэ пшынальэхэмрэ псоми яфІэкІыу зыгъэзэщІа Новэ-Хьэмидей курыт школым и егъэджакІуэхэм Гран-прир кьахьащ.

Фестивалым и унэтІыныгъэ щхьэхуэхэмкІэ кьахэжаныкІахэми саугъэтхэр ираташ. Хор гупхэм яхэтакъым, щІыналъэ администрацэм зи цІэ фІыкІэ иримыІуа.

МазитІ лэжьыгъэм кьрикІуахэр

Дзэлыкъуэ районым щыхэпльжащ ди республикэм и жылагъуэхэр зэщІэгъэкъэбзэным, щхьэантІагъэхэр хэсэным теухуа мазитІ лэжьыгъэм кьрикІуахэм.

КЪУАЖЭХЭМ кьыщрахьэлІа лэжьыгъэхэр кьапщытащ кьабзагъэм, хабзэм кьемыезгъэщІыжу кьуэнэхуа пхъэнкий идзыпІэхэм, кхъэхэмэрэ абыхэм екІуэлІэ гъуэгуэхэм я щытыкІэхэм я лъэныкъуэхэмкІэ. А унэтІныгъэхэмкІэ щхьэж кьилэжьа баллхэрэ хуагъэувыжащ. Ахэр кьагъэсебэпыжынущ жылагъуэ нэхъ кьабзэ дыдэхэр кьыщыхахкІэ.

МазитІ лэжьыгъэм кьрикІуа Іуэхуфіхэр нэрылъагъущ. Абыхэм я фІыгъэкІэ зэрамкэр жэщым кьэгъэнэхуныкмкІэ щыІа зэхуэмыхьуныгъэхэр яГъэзэкІуэжащ, кІэрыкІуэбжьэрыхуэхэр дэрэш Іэнатіэхэр кьыззэрагъэпэщащ.

ЛЬОСТЭН Муэз.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЬЭКІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыаъ Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Нэщ1эпыдж Замирэ, Хьэжыкьарэ Алик, Щхьэщмыщ1 Изэ.**

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкІ.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, еплъыгъуэ, епщІанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэныкъуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щ1ихабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлажьэныкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1апІэм - 42-26-41; суэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыкьа бжьыгъэхэм, кьыщащІэта Іуэхуитъхэм я щэнагъымкІэ ахэр зыгъэлъэхэм щсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтеуэу зыщытхьым.

Газетыр Іэ тезыдзаях яхуэхьыныр и щІэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хунтынныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-р къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щ1ыкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэр: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкі Сонэ, редактору Щомахуэ Залинэ, корректорхэу Афэ Тамар *(3, 4-нэ нап.)*, Пхытіыкі Азэмэт *(1, 2-нэ нап.)*, корректорхэм я дзІэныкъуэхэу Мыр-зэкъан ФатІимэ. *КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Маринэ, *суэттхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзырац.

Газетым Іэ тредзэн суэщІ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ●Тираж 5.220 ● Заказ №1585

Налшык къалэмкІэ УФ-м и УМВД-м и унафэщІхэм цІыхухэр зэрырагъэблагъэм и график

Урысей Федерацэм и МВД-м Налшык къалэмкІэ и управленэм и унафэщІхэр Байсултановым и уэрам, 11 «а» хэщІапІэм цІыхухэм махуэ къэс щыІоущІ. Щэбэт-дзауэ 21-рэ пщІондэ ахэр ирегъэблагъэ жэуап зыхь къуЛыкъущІэм.

ЦІыхухэр щрагъэблагъэ махуэхэр, зэманыр:
блыщхьэ - сыхьэт 16-м щыщІэдзауэ 18 пщІондэ;
гъубж - сыхьэт 15-м щыщІэдзауэ 18 пщІондэ;
бэрэжьей - сыхьэти 10-м щыщІэдзауэ 12 пщІондэ;
махуэку - сыхьэти 10-м щыщІэдзауэ 12 пщІондэ;
мэрем - сыхьэти 10-м щыщІэдзауэ 13 пщІондэ;
сыхьэт 15-м щыщІэдзауэ 17 пщІондэ;
щэбэт - сыхьэти 9-м щыщІэдзауэ 12 пщІондэ.

Полицэм и къудамэхэу №1-м (Нэгумэм и уэрам, 47), №2-м (Къэбэрдей уэрам, 193 «а») УФ-м и МВД-м Налшык къалэмкІэ и управленэм цІыхухэм махуэ къэс сыхьэти 10-м щІегъэжьауэ щахуоз.

Урысей Федерацэм и МВД-м Налшык къалэмкІэ и управленэ.

Куэшокъуэр къалъыхъуэ

Урысей Федерацэм и Следственнэ комитетым КъБР-мкІэ и Следственнэ управленэм кьелъыхьуэ **Куэшокъуэ Муратэ Артур и къуэр,** 1986 гъэм мазаем и 22-м къалъхуар, Щхьэлъкъуэ къуажэ, Лениным и уэрамым тет унэ №275-м щатхар. Ар 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м сыхьэт 19-м деж В282 ЕН 07 къэрал номерыр зытель «ВАЗ-2109» кьащхьэу-фІыщІафэ автомашинэмкІэ унэм дэкІри кьыгъэззэкакъым икІи нобэр кьыздэсым здэщыІэр ящІэрыкъым.

И теплъэр: см 170-рэ и льагагъуэ, зыІэщІэльщ, щхьэщфІыщІэ-нэ фІыщІэщ, и лъакъуэ ижьым и льэгуажьэм аварим кьрикІуэ дыркъуэ телыщ, ижьырабгъумкІэ и щхьэщыр мащІэу хэтхъукІащ, и тхьэкІумэ ижьым хьэмщІыракІэ тетщ, и лъакъуэ ижьымкІэ тІэкІу йощІжьауэ.

Щыгъар: гъуэншэдж фІыщІэ, джанэ хужьыфэ, туфлъэ фІыщІэ.

Куэшокъуэ Мурат и хэщІапІэм щыгъуазэ щыІэмэ, дыныволъэу 02 телефонымкІэ фІыпсэльэну е полицэм и Іуэхущ1апІэ нэхъ фпэгъунэгъуэ зыхуэзгъэзэну.

УФ-м и МВД-м Налшык къалэмкІэ и УВД.

●КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Іэпхлъэпх ящІри...

Полицейхэм къэтъыхьуэныгъэхэр щрагъэкІуэкІым «Прохладнэ - Азау» федеральнэ гъуэгум и 13-нэ километрым, Къущхьэ къуажэм и щыпІэм, къыщагъуэтащ «ВАЗ-21103» автомашинэр.

АБЫ итъ зи Іэри лъакъуэри скотчкІэ пха, 1986 гъэм къалъхуа дыгулыбгъуейдэсым и хьэдэр.

Щ1эпхъаджащІэхэр кьаттыхьуэ.

Езым и фІэфІыныгъэкІэ

Іуащхьэмахуэ куейм и Тырныауз къалэм щыпсэуэм езым и фІэфІыныгъэкІэ полицэм Іэщэ ириташ. Абы зэрыжиІамкІэ, щакІуэ фочыр дунейм ехьажа и адэм еІуэ щытащ.

ХАБЗЭМ кьемызэгъыу Іэщэ пхъуэмым уголовнэ жэуапым уху1щэнкІэ зэрыхьунур кьызыгурыІуа цІыхухэм езым и фІэфІыныгъэкІэ Іэщэр итащ.

Къэрал кІуэщІ Іуэхуэмкі э министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Тыгъэхэр хуащІ

Урысей МВД-м Шэджэм щІынальэмкІэ и къудамэм и ОГИБДД-м и лэжьакІуэхэр Нартан дэт школ-интернат №3-м щыІащ. ХьэщІэхэр щыкІуэхэм щрадзэрэ, ящІыгъуу художественнэ самодеятельностым и концертым еплъащ.

ПОЛИЦЕЙХЭМ школ-интернатым и гъэсэнхэм DVD-плеер, топхэр, теннис ракетхэр, гъэмахуэ лагерым зыщыщагъэпсэхукІэ кьагъэсебэпыну нэгъуэщІ спорт Іэмэпсымэхэр тыгъэ хуащІащ.

ХЬЭКЪУЛ Мадинэ.

●Гу зылъытапхъэ

Захуэвгъэзэну Іэмал щыІэщ

КъБР-м и зэзыгъэкІуэ судыщІэхэм я лэжьыгъэр къызэзыгъэпэщ Іуэхущ1апІэм «Дзыхь зрагъэз телефон- я деж зэрыщагъэуэвамкІэ хъыбар фегъащІэ. Іуэхущ1апІэм, республикэм и зэзыгъэкІуэ судыщІэхэм я аппаратхэм я лэжьакІуэхэм хабзэр къызэпаудмэ, я къалэнхэр ямыгъэзащІэмэ, граждан кьулыкъущІэхэм хуэмыфащэу зыкьыфхуащІмэ, абыкІэ фыпсэльэну Іэмал фиІэщ.

Апхуэдэу пошт сервисым и Іэмалхэр Іуэхущ1апІэм и официальнэ сайтыр, электрон поштыр кьызэрыгъэсбэп хуэмыну.

«Дзыхь зрагъэз телефонымкІэ»: **(8662) 443-443**

Іуэхущ1апІэм и официальнэ Интернет сайтыр: **kbr.msudkbr.ru**

Электрон поштыр: **mirovsudkbr@mail.ru**

ХэщІапІэр: **360000, Налшык къалэ, Пушкиным и цІэр зезыхьэ уэрам, 101, 5-нэ къат.**

Гъэщ1эгъунэщ, феплъ

КъБР-м и зэзыгъэкІуэ судыщІэхэм я лэжьыгъэр къызэзыгъэпэщ Іуэхущ1апІэм «Дзыхь зрагъэз телефон- я деж зэрыщагъэуэвамкІэ хъыбар фегъащІэ. Іуэхущ1апІэм, республикэм и зэзыгъэкІуэ судыщІэхэм я аппаратхэм я лэжьакІуэхэм хабзэр къызэпаудмэ, я къалэнхэр ямыгъэзащІэмэ, граждан кьулыкъущІэхэм хуэмыфащэу зыкьыфхуащІмэ, абыкІэ фыпсэльэну Іэмал фиІэщ.

НЭГЪУЕЙ Мухьэдин и уней театрым и мыгъэрей лэжьыгъэр зэхуэщІыж Сорбленович Биляниэ и «Уна-гуфІ хъыбархэр» спектаклымрэ (мэкъуаугъэм и 22-м щыІэнущ) Шмитт Эрик Эммануэль и «Оскар и Розэ бзыльхугъэ» пьесэм хэщІапІэкІэ «Тхьэм хуэгъэза тхыгъэ щыкІуплІ» драмэмкІэ (мэкъуаугъэм и 29-м).

Спектаклхэр зэркІэхэр ирысыбзэщ, пщІэншэу ущІагъэхь. Еплъыну хуейхэм зрагъэхьэлІэ хъунущ щ1бэт махуэхэм сыхьэт 18.00-м. **Хэщ1апІэр: Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 2, 1-нэ къат.** УпщІэ зиІэхэр фыпсалъэ хъунущ мы телефонхэмкІэ: **8(8662) 40-70-13, 8(960) 431-95-92.**